



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 8 jiyè 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$900,000 POU FINANSE PWOJÈ RECHÈCH BIYOMEDIKAL NAN NÈF KANPIS SUNY

Kanpis yo ap pataje prim pou rechèch tretman ak gerizon pou maladi ak twoub mantal

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$900,000 dola nan finansman pou pwojè ki sipòte pa University of New York Health rezo ekselans. Premye seri finansman pral atribye a sis pwojè ki angaje etidyan ak pwofesè yo sou nèf kanpis SUNY ak patnè yo nan sektè prive a pou fè rechèch sou koz, tretman ak gerizon pou maladi ak twoub mantal.

“Investisman sa a pral ede kontinye tradisyon rich New York pou l mennen avansman medikal pou kominote mondyal la,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Finansman an pral bay syantis yo enfastrikti ak talan yo bezwen nan fason pou kontinye fè rechèch nan nivo mondyal nan Eta, ak etabli ankò yon lòt opòtinite pou kolèj ak inivèsite yo pou soutni ekonomi medikal New York la kap grandi.”

“Toupatou nan New York, etidyan SUNY ak pwofesè yo ap pataje lide yo ak rezilta rechèch avèk ekspè yo nan endistri a, kolektivman dekouvri nouvo fason pou dyagnostike ak trete maladi grav ak lòt pwoblèm sante,” te deklare Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher. “Kòm prèv nan chak pwojè sa yo, rezo ekselans te pran pòtfèy rechèch SUNY nan yon nivo tounèf epi pozisyone sistèm nou an pou fè yon kontribisyon ki ankò pi gran pou amelyore swen sante nan Eta New York ak odela. Konpliman a tout patnè yo nan pwojè a ki te sipòte pa premye seri finansman sa.”

Rezo ekselans Sante SUNY, youn nan senk rezo nan tout SUNY, te kreye pou angaje ak maksimize diferan fòs sistèm lan nan rechèch biyomedikal.

Dr. Timothy Killeen, prezidan RF ak vis chanselye SUNY pou rechèch, te deklare anplè ak pwofondè “SUNY nan domèn rechèch biyomedikal enpresyonan evidan atravè chak nan pwojè yo akòde yo. Rezo ekselans Sante SUNY efikasan entegre atou nan strikti biyochimi, rechèch RNA pou konsepsyon medikaman, medsin pèsonalize, rechèch klinik ak 'gwo done pou sipòte esè klinik a milti-echèl ak rechèch sante piblik.”

Haitian Creole

Chak nan pwojè ki annaprè yo pral resevwa apeprè \$150,000 kòm yon rezilta nan anons jodia:

- Devlope yon nouvo teknoloji enpresyon 3D pou fabrikasyon sou mezi tisi mou ki itilize nan ògan transplantasyon; (Inivèsite Albany, Binghamton University, Cornell University, Rensselaer Polytechnic Institute)
- Idantifye nouvo sib medikaman ak enkibatè pou eradike tibèkiloz (TB), sa ki tiye apeprè 1.2 milyon moun chak ane; (Inivèsite nan Buffalo, Downstate Medical Center, Stony Brook Inivèsite)
- Kreye yon platfòm biyokaptè rapid ak otman sansib pou avanse swen sante klinik ak akselere dyagnostik pou deteksyon patoloji neral imen enkli estwok, maladi Alzaymè, ak blesi twomatik nan sèvo; (inivèsite nan Buffalo, Kolèj Nanoscale Syans ak Jeni, Cornell Inivèsite, SUNY Cortland, Upstate Medical Univèsite)
- Pozisyon SUNY tankou yon lidè nan gwo rechèch done swen sante atravè yon devlopman klinik referansyèl Done Entegre Repozitwa (CIDR) dosye done sante elektwonik ki jenere pa tout antite SUNY yo ki bay swen klinik. (University nan Albany, University nan Buffalo, Cornell University, Downstate Medical Center, Upstate Medical University)
- Dekouvri ak devlope nouvo medikaman ak antibiyotik pou konbat patojèn pozitif Gram oswa bakteri yo ki koze enfeksyon grav oswa maladi. (University nan Albany, University nan Buffalo, Albany Molecular Research)
- Etabli SUNY Network Aging Partnership (SNAP) pou kowòdone rechèch kolaboratif nan kat inivèsite medikal SUNY pou fasilite achèvmman pou rezilta syantifik, akselere piblikasyon pwojè rechèch, e rekrite ak konseye stajyè yo. Patenarya pral envestige frajilite ak fason pou amelyore lavi atravè espèk sante. (University at Buffalo, Downstate Medical Center, Stony Brook University, Upstate Medical University)

Wap jwenn plis enfòmasyon ak yon rezime detaye pou tout sis pwojè yo, [disponib sou entènèt](#).

SUNY Health se youn nan senk rezo ekselans SUNY ki te etabli ane pase pou ogmante kolaborasyon rechèch ak stimile aktivite komèsyalizasyon ant SUNY ak endistri patnè yo nan domèn rechèch debaz. Lòt yo se SUNY 4E (Enèji, Anviwonman, Edikasyon, Ekonomik), Sèvo SUNY ak SUNY materyèl ak Manifakti avanse, ak SUNY art ak imanite.

Enfòmasyon sou Fondasyon Rechèch

Fondasyon Rechèch pou SUNY (RF) se fondasyon ki pi enpòtan pi konplè ki relye a rechèch inivèsite nan peyi a. RF jere pòtfolyo rechèch SUNY nan bay pwogram ki esansyèlman pou bay pwogram ki finanse, administrasyon ak sèvis sipò inovasyon pou gwoup pwofesè SUNY k ap fè rechèch nan syans lavi ak

lamedsin; jeni ak nano-teknoloji; syans fizik ak enèji; syans sosyal, epi òdinatè ak syans enfòmasyon. RF deplase lide ak envansyon SUNY nan mache a nan travay ansanm avèk biznis ak endistri pou kreye nouvo opòtinite ak nouvo travay pou Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon sou RF vizite www.rfsuny.org.

Enfòmasyon sou State University of New York

State University of New York se pi wo sistèm inivèsite konplè nan peyi Etazini, k ap fòme apeprè 463.000 etidyan nan plis pase 7.500 pwogram diplòm ak sètifika, ak plis pase 1,8 milyon sitwayen NYS nan pwogram devlopman pwofesyonèl ak anrichisman pèsonèl ak 64 kolèj kanpis inivèsite. ak sou entènèt atravè [Open SUNY](http://OpenSUNY). Genyen preske 3 milyon ansyen etidyan SUNY nan lemonn. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb www.suny.edu.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE